

Kòman nou ka anpeche Kowonaviris lan pwopaje, tous, grip ak lòt maladi

Premye bagay

Toujou kenbe men nou pwòp lave yo ak savon epi dlo pou pi piti 20 segond oubyen itilize yon alkòl espesyal ki bon pou lave men.

Dezyèm bagay

Pa manyen vizaj nou toutan men nou pa pwòp.

Twazyèm bagay

Si nou ta bezwen touse oubyen estène, itilize yon sèvyèt epi jete li touswit kou nou fini. Si nou pa jwenn sèvyèt, estène oubyen touse nan koud nou.

Katryèm bagay

Pran vaksen kont grip pou kapab pwoteje tèt nou kont grip la.

Senkyèm bagay

Dezenfekte tout bagay ak tout kote nou itilize oubyen manyen souvan yo, sitou pou telefòn nou.